

« NOU SE LEGLIZ, GRANMÈT LA  
RELENOUPOUNOU VIV ANSANM »



## ***CATHOLIC HAITIAN CHAPLAINCY OF ATLANTA***

***Plan Pastoral 2025-2030***

**SAINTS PETER AND PAUL, CATHOLIC CHURCH**

*2560 Tilson Rd, Decatur, GA, 30032*

*Tel. 404-421-4159*

*[www.haitianchaplaincy.com](http://www.haitianchaplaincy.com)*

## **MEN SA W'AP JWENN ANNDAN DOKIMAN SA A**

- Entwodiksyon
- Kisa ki yon Plan Pastoral ?
- Yon kout je sou Plan Pastoral Achidyosèz Atlanta-a
- Pastoral Kominote Ayisyen an nan Atlanta
- Plan Pastoral Chaplaincy Ayisyen-an
- Kalandriye anyèl
- Konklizyon

## KISA KI YON PLAN PASTORAL ?

**A**van menm nou gade kisa ki yon plan pastoral, li bon pou nou fè sonje pastoral la nan li menm se yon pakèt aksyon ki gen pou objektif **Evanjelize**. Sa vle di, pèmèt plis moun posib rankontre ak Bondye gras ak Bòn Nouvèl Jezi Kri-a ki se pote mitan Evanjelizasyon-an. Kidonk, yon plan pastoral se yon dokiman ki prepare gras ak yon ekip pastoral pou bay repons a kèk priyorite pastoral dapre reyalyte oswa necesite Kominote-a. Plan pastoral la dwe defini sou yon peryòd byen detèmine ki kapab 2, 3, 4, 5 ... lane e li pa dwe pou toutan.

Plan pastoral la pa trete tout pwèn oubyen tout faz travay pastoral la genyen nan li menm menm. Men li mete aksan sou kèk chanjman oubyen kèk domèn pastoral pandan yon « *période de temps* » pou kapab dinamize, aktive epi alimante aksyon pastoral yo ak lòt enèji.

Plan pastoral la dwe gade reyalyte moun yo epi pran konsyans de pwoblèm, limit, difikilte yo kòm siy Lespri-a ak siy tan yo. Konsa, plan pastoral la ap re-òganize aksyon pastoral la pandan l'ap refere li nan kat (4) pilye Legliz la: – **Litiji** – **Anons** – **Kominyon** – **Dyakoni (Sèvis)** pandan l'ap rann li kont de plan pastoral dyosezen-an.

## YON KOUT JE SOU PLAN PASTORAL ACHIDYOSÈZ ATLANTA-A

**G**enyen anpil modèl pastoral yo kapab sèvi oubyen kreye pou bay Bòn Nouvèl la. Modèl Achidyosèz Atlanta-a se yonn nan yo. Plan sa-a bay bon rezilta nan travay pastoral Achidyosèz la. Modèl pastoral sa-a genyen anpil richès ladan l'. Se yon modèl ki bay yon estrikti ki mache ak vizyon Legliz inivèsèl la kote li bay anpil enpòtans ak Fanmiy epi ti kominote legliz yo.

Achidyosèz Atlanta-a gen yon plan pastoral ki reponn ak egzijans fondamantal pou bay Bòn Nouvèl la. Plan-an se yon pwojè ki dwe egzekite pandan senk (5) lane. Ladan l', ou jwenn kat (4) karakteristik nan lavi Katolik la, ki se: a) Konnen lafwa-w; b) Viv lafwa-w; c) Gaye/Kenbe lafwa-a; d) Evolisyon pawas nou yo. (Nan ka pa nou, nou kapab di evolisyon Kominote nou).

- a) *Konnen lafwa-w*: pou karakteristik sa-a, plan pastoral Achidyosèz la pran referans bibliik Detewonòm 6, 6-7 “Pa janm bliye kòmandman m’ap ban nou Jodi-a. Na moutre yo bay pitit nou yo. Na repete yo nan zòrèy yo, kit nou chita lakay nou, kit nap mache sou granchemen, kit nou kouche nan kabann nou, kit nou kanpe ap travay”. Pou sa, Plan pastoral Achidyosèz la rekòmande pou nou bay anpil enpòtans ak Fanmiy ki jwe yon gran wòl nan fòmasyon Lafwa pandan nap

bay Fanmiy yo posibilite pou patisipe nan lavi pawas/kominote a epitou fè katechis pou granmoun.

- b) *Viv Lafwa-w*: “Menm jan yon kò ki san nanm se yon kò ki mouri, konsa tou, konfyans nan Bondye ki pa mache ak fè sa ki byen se yon konfyans ki mouri” (Jak 2, 26). Viv Lafwa-a pa mache san fè sa ki byen nan lacharite, nan relasyon moun ak moun, nan relasyon moun ak Bondye. Se pou nou pran kòm modèl premye kominote kretyen yo nan liv Travay Apot yo pou nou ka viv lafwa-n jan premye disip yo te viv li-a.
- c) *Gaye/Kenbe lafwa-w*: sa-a se yon bèl ekspresyon yo itilize pou fè konnen ou bay sa-w genyen epi lafwa se yon gras kote tant ou bay se tant wap kenbe l’. “Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Lesprisen an” (Mt 28, 19). Nan sans sa-a nou envite a fè pwogram nan ti kominote legliz yo pou yo byen soude nan lafwa e pou yo byen santre yo nan pawas/kominote-a.
- d) *Evolisyon Pawas/Kominote nou yo*: “Nan nou la-a gen moun Pat, moun Medi ak moun Elam, gen moun Mezopotami, moun Jide, moun Kapadòs, moun Pon ak moun Lazi. Gen moun Friji, moun Panfili, moun Lejip, moun teritwa Libi ki toupre Sirèn. Genyen ki soti lavil Wòm. Nan nou gen jwif, gen

moun lòt nasyon ki te konvèti nan relijyon jwif yo, gen moun ki soti Lakrèt, gen moun Arabi tou. Ki jan nou fè tande yo ap pale lang nou, yap rakonte bèl bagay Bondye te fè? » (Travay Apot yo 2, 9-11). Chèche bay tout moun plas yo nan Legliz la, entegre layik yo nan aktivite administratif yo nan kreye yon espas ki gen bèl akèy ak ankourajman pou moun yo ka santi yo byen.

## PASTORAL KOMINOTE AYISYEN AN NAN ATLANTA

### ISTWA

**N**an mitan lane 1990 gen yon gwoup Ayisyen ki kòmanse ale lapriyè nan Legliz *Sts Peter & Paul, Decatur, GA*, ki te fonde nan lane 1959 avèk pè *Michael Manning*. Anviwon 7 lane apre, espesyalman jou ki te 02 novanm 1997 la, pè *Guyma Noel*, ki se premye pè Ayisyen nan Achidyosèz la, ansanm avèk yon gwoup ayisyen ki gen bòn volonte kòmanse selebre Lamès nan lang kreyòl nan menm Legliz sa-a.

Kidonk, Kominote-a genyen plis pase 25 lane depi y'ap selebre Lamès nan lang kreyòl. Sa vle di, Kominote-a gen yon istwa epi anpil Pè ak Layik ki gen bòn volonte kolabore pou kenbe Kominote-a



## REYALITE JOUNEN JODI-A

**P**opilasyon Ayisyen k'ap viv nan zòn metropolitèn Atlanta se yon popilasyon ki konpoze nan yon premye tan an majorite ak yon ansanm Ayisyen ki te deja ap viv pa bò isit USA nan nò espesyalman NY ak NJ epi nan Sid espesyalman FL men lè yo pral pran retrèt yo, yo vini GA paske daprè anpil nan yo tanperati a te pi agreyab. Pou kounyea, reyalite-a vin chanje paske se pa sèlman sila yo ki pral pran retrèt yo men se tout kalite moun pa rapò ak opòtinite eta sa-a li menm li bay san konte anpil ki soti dirèkteman an Ayiti akoz pwoblèm sosyo-politik yo ak pwogram « humanitarian parole la » epi ki rantre dirèkteman GA. Sa ede nou konprann reyalite migrasyon Ayisyen an modifiye epi apwòch pastoral yo oblije vin konfòm ak reyalite sa-a. Nan reyalite sa-a genyen jè-n ki fèt isit epi ki idantifye yo ak kominote ayisyen-an, genyen sila yo ki soti an Ayiti epi ki ap rantre nan yon lòt sosyete avèk anpil difikilte nan kesyon lang ak kilti. Genyen tou reyalite fanmiy yo ki chanje ki vin bay yon pakèt defi pastoral.

Andedan « Chaplaincy »-an nou genyen :

- de (2) gwoup Karizmatik : « *Source de Bénédiction* » ak « *témoins de la lumière* » ;

- 1 gwoup Lasent Famiy : Lasent Famiy Atlanta ;
- 3 Koral : Harmonie Divine, Symphonie de la foi ak St François d'Assise ;
- 6 ministè : lektora, ekstraòdinè Lakominyon, Misyonè Agapè (welcome), youth, sakristen, Sèvis lotèl (MC)
- 3 Gwoup pastoral : Notre-Dame D'Haïti, Notre-Dame de la Réconciliation, St John Evangelist,
- 2 kote nou selebre Lamès : Sts Peter and Paul, Decatur, GA & St Marguerite d'Youville Lawrenceville, GA

## **VIZYON**

**K**ominote Ayisyen an nan Atlanta dwe yon kominote modèl kap grandi ti kal pa ti kal nan Lafwa. Yon Lafwa kap manifeste nan lavi litiji Legliz Katolik byen anime, nan patisipasyon tout fidèl yo nan Lamès, nan adorasyon sen Sakreman, nan entegrasyon yo nan pastoral Achidyosèz la, nan fòmasyon pèmanan pou tout fidèl yo an jeneral ak sila yo ki nan gwoup yo an patikilye, nan katechis pou timoun, jè-n ak granmoun.

Se poutèt sa, Kominote-a dwe angaje l' pou l' travay pou reyalize lavi tèt ansanm Jezi mande nou-an. Menm jan ak Jezi, nou dwe angaje nou pou nou anbrase epi selebre diferans nou genyen nan laj, ras ak kilti. Kòm kominote n'ap travay nan Lespri Jezi-a pou nou ofri tout moun ki an difikilte konpasyon ak akonpayman. Nou dwe travay pou nou angaje nou pou nou genyen bon jan relasyon ak tout moun pandan n'ap rekonèt diyite chak moun nan objektif pou nou kreye yon kominote lafwa k'ap akeyi moun san paspouki, san pran pòz ni mete moun sou kote. Paske lavi nou dwe yon vi adorasyon ak selebrasyon lafwa nan aprann konn Bondye pi plis ak nan renmen sè ak frè nou yo.

Konsa, kominote-a ap kapab reponn ak envitasyon sa-a pou yo rankontre ak Bondye nan lide pou yo kapab bay yon sans ak lavi yo. Kominote-a lè li reyini nan Legliz la ak nan diferan gwoup yo dwe yon espas pou moun yo kapab genyen yon rankont pèsonèl ak Jezi-Kri nan fòmasyon manb yo kap vin disip Jezi-Kri ki se chemen ak esperans nou pou sove ak ban nou lavi.

## PLAN PASTORAL CHAPLAINCY AYISYEN-AN

**P**lan Pastoral Chaplaincy-a rantre nan plan pastoral Achidyosèz la sitou pou bèl ouvèti plan sa-a bay nan zafè estrateji ki kapab entegre plizyè kilti ak mantalite pou Wayom Bondye-a kapab reyalize sou tè-a nan “sanble tout pitit Bondye ki gaye yo nan yon sèl kò” (Jn 11,52). Tèm ki chwazi dapre konsta ki fèt nan diferan gwoup, mouvman ak ministè yo se : « ***Nou se Legliz, Granmèt la rele nou pou nou viv ansanm*** ».

Se pou sa, tout aktivite nan kad Pastoral Chaplaincy-a ap genyen kòm nannan *rasanble ansanm tout Ayisyen pitit Bondye nan Atlanta*. Travay sa-a pral pèmèt nou bay swivi ak plan Achidyosèz la. Travay pou evanjelizasyon-an pral repoze sou pwèn sa yo :

- a. Rankontre ak Kris la : se pou kominote nou an sèvi yon kote pou rankontre ak Kris la epi ki ouvè pou tout moun.
- b. Metè tèt ansanm : vin yon kominote ki soude epi ki jwenn fòs li nan linyon.
- c. Dinamize, kreye, fòme : yon kominote kap inovè, kap ede moun pwogrese
- d. Sèvis : yon kominote kap devlope misyon li nan Lespri Levanjil la.

4 gran chantye sa yo reprezante diferan aspè kap pèmèt nou konpran epi viv lavi Legliz la nan sèvis lòt yo. Nan lane kap vini yo nou pral travay pou nou atenn objektif sa yo gras ak divès oryantasyon ak estrateji nou pral itilize. Plan sa a anbrase tout aktivite Kominote Katolik la paske chak aktivite gen enpòtans yo.

Vizyon pastoral nou ak pwojè evanjelizasyon an pral vin pi soude gras ak plan sa a ki dwe enterese tout moun paske se responsabilite chak moun pou ede Kominote nou an viv bèl rankont ak Kris la nan mete tèt ansanm ak nan sèvis sè ak frè nou yo.

Nou swete chak manm nan kominote a li byen li plan sa a, epi konprann byen, li enpòtan pou reyalize plan pastoral sa a pou byen kominote a.

a. RANKONTRE AK KRIS LA :

« Te gen kèk moun peyi Lagrès nan moun ki te vin Jerizalèm pou adore pandan fèt la. Y' al jwenn Filip (ki te moun Betsayda nan peyi Galile), yo di l' konsa: Msye, nou ta renmen rankontre ak Jezi. » Jan 12, 20-21. Se pou kominote nou an sèvi kòm yon kote pou rankontre ak Kris la ki se mesye marye a menm jan sa ekri nan matye 25, 6 « Nan mitan lannwit lan, yon rèl pati: Men msye marye a. Ann al

kontre li. » Epitou, li dwe yon kote ouvè pou tout moun. Nan sans sa a, nou fikse twa objektif ak divès estrateji pou nou kapab fè yon eksperyans ak Kris la nan frè ak sè nou yo.

➤ *Grandi nan lafwa :*

- ✓ Bay opòtinite ak tout moun pou anrichi lafwa yo.
- ✓ eksplòre plizyè aspè nan lafwa yo tankou : - relasyon yo ak Bondye ; - lapriyè, - ak ansèyman sou Labib ak Tradisyon an.
- ✓ Òganize 4 gwoup lapriyè ak « *Communauté Ecclésiale de Base* » nan Dekalb country, Douglasville, Gwinnet country, ak Cobb country.
- ✓ Fonde yon lòt gwoup la Sent Fanmi oubyen Lejyond Mari.

➤ *Renouvèlman Katechèz nan kominote a :*

- ✓ Ede moun pran konesans sou sa Legliz la anseye.

- ✓ Fè yon ekip pou prepare sakreman yo tankou: batèm, premye kominyon, konfesyon, konfimasyon, maryaj, elatriye.
- ✓ Ede fidèl yo konprann katechèz la kòmanse nan fanmiy lan.

➤ *Litiji :*

- ✓ Fonde yon Komite litijik pou chaplaincy a an jeneral ak divès komite litijik nan chak « *Communauté Ecclésiale de Base* » yo.
- ✓ Soutni epi anrichi ekip litijik yo.
- ✓ Fè fòmasyon litijik pou 3 Koral yo (Harmonie Divine, Symphonie de la foi et Saint François d'Assise) epi fonde yon 4<sup>yèm</sup> Koral.
- ✓ Fòm lektè yo ak minis ekstraòdinè pou lakominyon.
- ✓ Asire sèvis sakristi yo.
- ✓ Entegre plis jèn nan aktivite litijik yo.

- ✓ Mande komite akèy la (Welcome Ministry) fè yon « *base de données* » sou prezans moun yo nan selebrasyon Lamès yo epi fè apèl telefonik koutwazi chak semenn ak moun ki vini Legliz ansanm ak sila yo ki gen anpil jou depi yo pa vini.

#### b. METE TÈT ANSANM :

« *Ala bèl bagay, ala bon sa bon lè frè ak frè ap viv ansanm !* » (Som 133, 1). N'ap lite pou nou vin yon kominote ki soude epi ki jwenn fòs li nan linyon. « *Frè m' yo, men sa m'ap mande nou, nan non Jezikri, Seyè nou an. Tanpri, mete nou dakò sou tout bagay. Pa kite divizyon mete pye nan mitan nou. Okontrè, se pou nou viv byen yonn ak lòt. Mete yon sèl lide nan tèt nou, se pou nou tout gen yon sèl pawòl.* » 1 Korentyen 1, 10. Nan sans sa a, nap rive gen yon Kominote kap grandi kòm fanmi Bondye (cf. Efezyen 2, 19) kote tout moun gen plas ak enpòtans yo. Deviz nou kòm nasyon se : yon sèl dwèt pa manje kalalou (*l'union fait la force*). Avèk kat (4) objektif nap mete pou seksyon sa a nou pral travay pou nou reyalize objektif sa a kòm kretyen katolik.

➤ *Devlope lavi kominotè nan mitan nou :*

- ✓ Pwopoze chak « *Communauté Ecclésiale de Base* » yo idantifye yo ak pawas kote yo ye nan patisipe nan Lamès ak aktivite Pawas yo.
- ✓ Òganize ekip ajan pastoral pou ankouraje tèt ansanm.
- ✓ Òganize, nan « *Communauté Ecclésiale de Base* » yo, moman lapriyè chak mwa oubyen chak semèn.
- ✓ mete kèk dat pou tout kominote yo reyini ansanm pou pi piti 2 fwa nan yon ane.
- ✓ Fè vizit pastoral nan « *Communauté Ecclésiale de Base* » yo chak mwa.
- ✓ Òganize retrèt pou jèn yo, koup yo ak moun ki nan diferan gwoup, ministè ak mouvman.

➤ *Devlope yon sistèm Kominikasyon :*

- ✓ Pwomote yon ekip kominikasyon pou kominikasyon an ka pi fò e pi klè

- ✓ Ranfòse Radyo Tele Aksyon Katolik (RTAK) kòm yon ògan transmisyon lafwa
- ✓ Sit entènèt
  
- *Moman pou rasanble ansanm :*
  - ✓ Devlope aktivite Legliz ak kiltirèl pou rasanble tout moun
  - ✓ Òganize 2 asanble jeneral chak ane: yonn avèk koòdonatè yo epi lòt la ak tout moun ki nan gwoup, mouvman ak ministè epi moun ki gen bòn volonté.
  
- *Tan pou viv ansanm nan fratènite nan “Communauté Ecclésiale de Base”yo :*
  - ✓ Pèmèt chak « *Communauté Ecclésiale de Base* » yo genyen patikilarite pa yo nan lafwa ak nan lapriyè
  - ✓ Valorize chak inisyativ « *Communauté Ecclésiale de Base* » yo.

c. DINAMIZE, KREYE, FÒME :

« *Gade byen: nou gen anpil manm nan yon sèl kò, men chak manm gen sèvis pa l' apa.* » Women 12, 4. Nan lide pou kominote nou an rete yon kominote kap inovè, kap ede moun pwogrese, li pa dwe rete « *statique* » li dwe dinamik nan aksyon li menm jan Pap Jan Pòl II te di lè li te pile tè Ayiti a : « Legliz bezwen yon lòt Evajelizasyon ». Kominote nou an fikse twa (3) objektif sa yo ak divès estrateji pou sèvis sè ak frè nou yo kapab pi efikas.

➤ *Fè bagay yo yon lòt jan avèk je nou fikse sou Kris la :*

- ✓ Travay pou Lamès yo kapab atire sitou jèn yo.
- ✓ Bay enpòtans epi valorize aktivite jèn yo.
- ✓ Ede moun kap anseye Katechèz yo fè eksperyans Kris la pou yo ka anseye lafwa yo.
- ✓ Fòme ajan pastoral pou diferan « *Communauté Ecclésiale de Base* » yo.

➤ *Ankouraje fidèl yo fòme tèt yo nan sa Legliz la Anseye :*

- ✓ Òganize pwogram fòmasyon bibliik ak Legliz sou RTAK.

- ✓ Fè emisyon edikatif sou lafwa nan RTAK.
- ✓ Prewwa sesyon fòmasyon pastoral pou animasyon lekti Labib nan diferan « *Communauté Ecclésiale de Base* » yo.
- ✓ Òganize pwogram sinema kretyen.

➤ *Devlope yon sistèm resansman :*

- ✓ Chèche konnen kantite kretyen katolik Ayisyen ki genyen nan Achidyosèz la.
- ✓ Òganize yon sistèm kontak ki ka rive sou tout moun.
- ✓ Òganize yon sistèm pou pi byen distribye sèvis pastoral yo.

d. SÈVIS :

« *Si yon lòt resewva don pou l' fè yon travay, se pou l' fè travay la. Moun ki resewva don pou l' moutre lòt anpil bagay, se sa pou l' fè. »*

Women 12, 7. Menm jan Jezi te bay lavi li pou nou se konsa tou nou dwe travay pou nou bay lavi nou pou sè ak frè nou yo. Nan sans sa a

kominote nou an dwe devlope misyon li nan Lespri Levanjil la pou tout moun kapab sove (cf. 1 Timote 2, 4). Nap fikse kat (4) objektif pou nou rive bay yon bon sèvis ak divès estrateji.

➤ *Administrasyon sakreman yo :*

- ✓ Selebrasyon Lamès chak mèkredi ak dimanch nan Sts Peter and Paul ak St Marguerite D'Youville.
- ✓ Òganize sesyon fòmasyon Katechèz pou moun ki vle resevwa yon sakreman.
- ✓ Òganize katechèz pre-matrimonyal ak pwogram pou koup yo.

➤ *Direksyon espirityèl ak Akonpayman:*

- ✓ Direksyon espirityèl ak akonpayman pou tout moun ki mande espesyalman jèn yo nan disèneman vokasyonèl yo.
- ✓ Vizite fanmi yo lè yo nan bezwen (maladi, lanmò, ak lòt difikilte).
- ✓ Devlope aksyon sosyal Legliz la.

- ✓ Devlope yon pastoral familial adapte ak reyalitye migrasyon an.
  
- *Sèvis konsèy sou Migrasyon :*
  - ✓ Ranfòse biwo migrasyon pou ede moun ranpli fòm migrasyon ak travay.
  - ✓ Òganize yon komite kontak ak sèvis legal yo sou zafè migrasyon.
  - ✓ Devlope yon ministè ospitalite nan chak « *Communauté Ecclésiale de Base* » yo.
  
- *Radyo an liy Radyo Tele Aksyon Katolik (RTAK) :*
  - ✓ Kenbe lafwa moun yo kòm ayisyen pandan y'ap entegre yo nan peyi ki akeyi yo-a (USA).
  - ✓ Tounen yon bon zouti kominikasyon pou rive ak yon pi bon lavi tèt ansanm nan Kominote nou an.

- ✓ Promouvwa bon jan fòmasyon pou fi ak gason nan kesyon pastoral ak sosyal. pou yo kapab angaje yo pi fè-m nan sèvis ak nesesite kominote-a.
- ✓ Promouvwa bon jan angajman kominotè.

Li enpòtan nan Kominote a pou kontinye Konsolide atitud pozitif, bon lide, aktivite ak pwogram pou evanjelize ki genyen nan kominote-a depi plis pase 25 lane yo egziste nan pawas Sts Peter & Paul pandan nap amelyore sa ki pou amelyore .